

НыбжьыщIэхэр журналистикэм драгъэхьэх

2-нэ нап.



Нэхъапэм дыщыгъуазакъым

3-нэ нап.



Гъуазджэм зэпэгъунэгъу ещI

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ араш.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№142 (25.048) ● 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм къыдэритамкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрри къэралри ирогушхуэ



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ щыIащ Курп Ищхъэрэм щыпсэу, зи щIалитху дзэ Iуэху хэхам кIуа Къуралхэ я унагъуэм. Интернетым щиIэ напэкIуэцIым ар щытопсэлъыхь а унагъуэ щыпкъэм.

«ЩIАЛЭХЭМ ящыщу щыр - Анзор, Адэлбий, Ахьмэтхъан - дзэ къалэнхэр ягъэзащIэу хэкIуэдащ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

Зэкъуэшхэм щIыхь пылъу Хэкур яхъумащ, къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Къурал Адэлбий «Хахуагъэм папщIэ» медаль, ЛIыхъужьыгъэм и орден (мыпсэужу). Къурал Ахьмэтхъан - Жуковым и цIэр зезыхьэ медалымрэ ЛIыхъужьыгъэм и орденымрэ (мыпсэужу).

Мы зэманым дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щрахьэкI зэкъуэшитIым - Къуралхэ Азэмэтрэ Назиррэ.

Абыхэм я къуэш Жамболэт Анзор, Адэлбий, Ахьмэтхъан - Жуковым и цIэр зезыхьэ медалымрэ ЛIыхъужьыгъэм и орденымрэ (мыпсэужу). Къурал



Ныбжьыщіэхэр журналистикэм драгъэхьэх

● Ди псэлъэгъухэр



«Адыгейм и журналистхэм я еджапіэ» лэжьыгъэр ди къуэш республикэм илъэс етіуанэ хъуауэ щагъэзащіэ. Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыхилъхьауэ иригъэкіуэкі іуэхур нэгъабэ адыгэ журналистикэм хуэгъэпсауэ щытащ, мы гъэм абы зрагъэубгъури, урысыбзэкіи дэлэжьэн щіадзащ. Мы лэжьыгъэр зэрекіуэкіым, щіалэгъуалэм ирапх гугъапіэхэм теухуауэ АР-м щіыхь зиіэ и журналист, Адыгейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщі, Адыгей КъТРК-м и къудамэм и унафэщі Тіэш Светланэ «Адыгэ макъ» газетым и лэжьакіуэ Ансыкъуэ Иринэ ирита интервьюр ди гуапэу тыдодзэ.

- Светланэ, «Лъэпкъ журналистикэмкіэ школу» къебгъэжьа іуэхум и цІэр мы гъэм пхъуэжащ. Иджы ар «Адыгейм и журналистхэм я еджапіэщ». Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Адыгэбзэкіэ лажьэ хъыбарегъащіэ іэнатіэхэм къищынэмыщіауэ, урысыбзэкіэ телевиденэми, радиоми, газетхэми щылэжьэн журналист ныбжьыщіэхэми дахуэныкъуэщ. Нэгъабэ «Лъэпкъ журналистикэмкіэ школым» иужь дыщитым тлъэгъуащ адыгэбзэм нэхърэ урысыбзэр нэхъ тыншу зыгъэшэрыуэр куэд зэрыхъур. Лъэпкъ журналистикэм и лэжьакіуэхэм адыгэбзэр сыт щыгъуи япэ идогъэщ, ауэ ар зымыщіэ куэд ди іэщіагъэм хуеджэну я нэр къикіыу, ауэ анэдэлъхубзэр зэраіурымылъым къыхэкіыу, школым къызэредмыгъэблэгъар дигу къеуэрт. А псори къэтлъытэри, мы гъэм проектым зедгъэубгъуащ, адыгэбзэр зэрамыщіэр зэран къахуэмыхъуу, урысыбзэкіи іэщіагъэм хуедгъэджэну мурад тщіащ.

Мы гъэм цІыху 40 къэтщтащ, къищынэмыщіауэ, нэгъабэ едгъэджахэм ящыщу адэкіи пызыщэну хуейхэм илъэсыщіэм дадэлэжьэнущ.

- Мы гъэм Мейкъуапэрэ Красногвардейскэ районымрэ я еджакіуэхэрауэ жыпіащ къэфщтар. Сыт апхуэдэу щіэфщіар?

- Нэгъабэ Мейкъуапэрэ Красногвардейскэ районымрэ фіэкіа къэмынэу псори къызэщіэдубыдащ. Аращи, мы гъэм къалэмрэ районым хыхьэ адыгэ къуажэхэмрэ ныбжьыщіэхэр къыдэтшынущ.

- Мы гъэм зэревгъэджэну щіыкіэр нэгъабэрейм къыщхьэщыкірэ?

- Программэр нэгъабэ зэрыщытам хуэдэнущ. Дерсхэм я япэ іыхьэр теориеу щытынущ, етіуанэм щегъэжьауэ іэщіагъэм хэтшэнущ. Зэіущіэ, къэхъукъащіэ гуэрхэм хэтрэ, ахэр радиокіэ, телевиденэкіэ къатыжмэ, къатхыжмэ, іэщіагъэм хъарзынэу хэгъуэзэнущ. Зэрылэжьэну щіыкіэр яжепіэ къудейкіэ есэнукъым, ялъагъун, іуэхум хэтын хуейщ. Етіуанэрауэ, мыхэр нобэ-пщэдей журналист хъуну аракъым, апхуэдэ къалэни ди пщэ дэтлъхьэжыркъым. Зи ужь дитыр ди іэщіагъэм ныбжьыщіэхэр дедгъэхьэхынырщ, 11-нэ классыр къыщаухкіэ абы хуеджэну гупыж ящіын хуэдэу.

- АР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщіу узэрагъэуврэ илъэсым щіигъуащ. Абы хэт журналист ныбжьыщіэ?

- Иджырей щіыналъэ журналистикэм ныбжьыщіэ хэткъым. Илъэс 40-м нэблэгъащ нэхъыщіэ дыдэу мы іэщіагъэм пэрытхэр.

- Уэ узэреплъымкіэ, сыт ар къызыхэкіыр?

- Япэрауэ, ди улахуэр зэрымыиныр арагъэнущ. Ауэ къэдлэжьри ящіэркъым иджырейхэм. Зыри щіэупщіэркъым. Іэщіагъэ къэс езым и зэман иіэжщ, куэдым къыхахыу, абы хуеджэным хущіэкъуу, ялъытэу. Литературэм, щіэныгъэм, журналистикэм, егъэджэныгъэм пэрытхэр лъэпкъ интеллигенцэу къыщалъытэ, абыхэм пщіэшхуэ щыхуащіу щыта зэманым дыкъыхэхъукіащ дэ. Совет властым и зэманым гуп-гупурэ къалэшхуэхэм тхакіуэхэмрэ сурэтыщіхэмрэ ягъакіуэрти, щрагъаджэрт. Абыхэм яужькіэ юристхэмрэ экономистхэмрэ пэрыт щыхъуащ жылагъуэм. А зэманым ахэр къэралыр зыхуэныкъуэт. Иджыпсту зи зэманыр медицинэращ. Дызэпсалъэ щіалэгъуалэм я нэхъыбэм къыхахыр аращ. Къыщіыхахри я улахуэращ.

- Мы дызытегузэвыхь іуэхур Адыгейм и закъуэкъым щыхэплъэгъуэр. Къуэш республикэхэм я журналистикэ іэнатіэри щіалэгъуалэ хуэныкъуэщ.

- Мыр къэрал іуэху хъуащ. Иджыблагъэ Адыгей КъТРК-м и унафэщі Ачмыжь Іэдэмрэ сэрэ абы дытепсэлъыхьащ. Журналист ныбжьыщіэхэм я еджапіэхэр щіыналъэ куэдым къыщызэіуах. Іэщіагъэм пэрыхьэхэм я бжыгъэр мащіэ дыдэ зэрыхъуам куэд егъэгузавэ.

Блогерствэр журналистикэм зэранышхуэ хуэхъуащ. Ар къыщежьэм, журналист хъуфыну куэд тіэщіихащ. Апхуэдэу щытми, лъэ быдэкіэ ува щіыналъэ журналистикэ диіэу схужьіэнущ. Адыгейм адыгэбзэкіэ щылажьэ журналистхэм я мызакъуэу, республикэм ис нэгъуэщі лъэпкъхэм ящыщхэри урысыбзэкіэ щылажьэкіэ ди лъахэм зэрыщыщыр къыумыщіэнкіэ іэмал иіэкъым. Урысейм дызэрыщыщыр ди лэжьыгъэм нэрылъагъуу щыпхышащ, ауэ ди республикэм, ди лъэпкъым, ди хабзэм теухуа щхьэхуэныгъэхэмкіэ, бзэм емылъытауэ, адрей хэгъэгухэм дакъыхощ. Аращ ди къэралышхуэм ис лъэпкъ псоми дакъыхэзыгъэщхьэхукіыр. Лъэпкъым, абы и хабзэхэм, щэнхабзэм теухуа хъыбархэм, нэтынхэм къыщіоупщіэ, Урысей псом къыщагъэлъагъуэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди іэтащхьэр журналистхэм хуабжьу набдзэгубдзаплъэу зэрахущытыр. Апхуэдэ зэхущытыкіэ зыщіыпіи щыплъагъунукъым. Абы и фіыгъэкіэ ди улахуэм хагъэхъуащ, ди лэжьыгъэм зэпымыууэ къыкіэлъоплъ, дызыхуей-дызыхуэныкъуэхэр елъагъу. Ар сыт щыгъуи Урысейм и Печатым и махуэмкіэ къыдохъуэхъу, журналистхэр егъэлъапіэ, къыдопсалъэ. Журналистхэм я закъуэкъым апхуэдэу зыхущытыр, сыт хуэдэ іэнатіэми и лэжьакіуэхэм гулъытэ яхуищі зэпытщ ди іэтащхьэм. Абыкіэ ди насып къикіащ.

- Нэгъабэ ныбжьыщіэхэм ядэлэжьэн щыщіэвдзам яфіэгъэщіэгъуэну къекіуаліэу къысщыхъуащ. Сыщыуэрэ хьэмэрэ... Фэ, абыхэм ядэлэжьахэм, дауэ къыфщыхъуа?

- Пэжым ухуеймэ, нэхъыбэкіэ сыщыгугъат. Нэгъуэщі іэщіагъэ къыхэзыхыну хуейхэри, едгъэджа нэужь, щіегъуэжу журналистикэм зратыжыну къысщыхъурт, ауэ апхуэдэ куэд къахэкіакъым. Дызыдэлэжьа цІыху 24-м ящыщу 10-р къыщыщіэтіысхьэм, журналистикэм зэрыхуейр жаіащ. Иужьым а бжыгъэр 15-м нэсащ. Ауэ ари ехъулІэныгъэу къэплъытэ хъунущ. Абыхэм ящыщу 5-м Журналистикэмкіэ факультетыр къыхахмэ, еджэрэ лэжьэгъу тхуэхъумэ, ди дежкіэ ар фіы дыдэщ.

- Лэжьыгъэм зэрызебгъэубгъунур, гъэ еджэгъуэщіэ иджыри къызэрыкіэлъыкіуэнур пщіэрэт нэгъабэ?

- НтІэ, абы къыпысщэну сыхуейт. Ауэ республикэ грантыр зэпымыууэ къыдатынукъым. Иджыри зэ, ещанэу, къытлъысынкіэ хъунщ. Адэкіэ ди къарукіэ пытщэн хуейуэ аращ. Абыи іэмал гуэрхэр къыхуэдгупсысыну ди мурадщ.

ИтІанэ, газетхэмрэ телевиденэмрэ я школыр зэрысэбэпыр къагурыіуэмэ, ар къэзыухахэм лэжьэн щіадзэмэ, езыгъаджэхэм улахуэ къэралым къаритмэ, іуэхур кіуэтэнущ.

- Адыгэбзэ журналистикэр цІыху къызэрыгуэкіхэм я жьэрыіуатэбзэм къыщхьэщокі, бзэ щхьэхуэ иіэщ. Илъэсхэр кіуэху абыи зехъуэж. Къыдэдаіуэхэм, ди тхыгъэхэм къеджэхэм куэдрэ жаіэ: «къыдгурымыіуэ псалъэхэр хэтщ». Абы дауэ уеплърэ?

- Пэжщ, бзэ щхьэхуэ диіэщ. Псалъэм папщіэ, Адыгей КъТРК-м «Хъыбарыщіэхэр» къыщиткіэ, журналист пажэхэм къагъэсэбэп жыіэгъуэхэр иужькіэ интервью къызэіыпх цІыхухэм жаіэу зэхыбох. Фэри аращ, газет тхэкіэ щхьэхуэ къывогъэсэбэп. Псалъэхэр зэддзэкіыурэ, нэхъ жыіэкіэ пэжхэр къэтлъыхъуэурэ, нэгъуэщіыбзэ къыхэдмыгъэхьэным дыпылъурэ журналистхэм ди псэлъэкіэ, тхэкіэ диіэ хъуащ. Дауэ хъуми, гъащіэм зеужь, щіэ куэд къыхохьэ, ахэр къызэрытіуэтэн бзэ тіурылъын хуейщ.

Зэзыдзэкіар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.
Сурэтхэр **Къэбарт Мирэ** *ейщ.*

● Зауэм и бынхэр

Зи щхьэцыр тхъуа хъыджэбз цІыкІу

Зауэм и бынхэм нэрымылъагъу къуэшыгъэ яку дэльщ. Лъэпкъ, дин зэхэгъэж зимыІа ахэр гуауэм зы ищІат.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ящыщ зым къэхъея зауэшхуэм, инхэр дэнэ къэна, сабийхэри игъэхыщІат. Гъащіэ мамырым зыкъытезыубгъуа пшэ фІыцІэм щІиуфат абыхэм я гугъапІи хъуэпсапІи.

Зауэм и лъэужьыр инщ, абы и къуэпсхэр хуабжьу гъэгъугъуейщ. Ар къыбжаІэфынущ а гузэвэгъуэр зи нэгу щІэкІа псоми. Зауэм и гуащІагъымрэ абы къишэ тхьэмыщкІагъэмрэ цІыхухэм зэхащІыкІын папщІэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм «Зауэм и бынкІэ» дызэджэ нэхъыжьыфІхэм къаІуэтэжхэм щІэблэр щІэгъэдэІупхъэщ.

Урысей Федерацэр фІыуэ къэзымылъагъухэм ди щІалэгъуалэм къэралым лъагъумыхъуныгъэ хурагъэщІыну, ди Хэкум къыщекІуэкІ Іуэхугъуэ псори мыхъумыщІагъэу кърагъэлъытэну яужь итщ. Апхуэдэ гупсысэкІэр зыхапщэ ди ныбжьыщІэхэр ягъэжакъуэу аращи, дыбэлэрыгъ хъунукъым.

ЩІалэгъуалэр пэжым щІэпІыкІын хуейщ. Зауэм щышынэмэ, абы зыщидзеймэ, зауэ зэхиублэнукъым, хыхьэнукъым.

Нэмыцэіуэм исахэм ираха лейр, мэжэщІалІагъыр, укІыгъэ бжыгъэншэхэр.

А псори зылъэгъуахэм нэхъ кууужу зыхащІэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным мыхьэнэуэ иІэр, зы къэралым ис лъэпкъ псори зэрылъытэу, пщІэ зэхуащІу зэдэпсэун зэрыхуейр.

Зауэм къишэ тхьэмыщкІагъэр егъэлеящ. Ар наІуэ фщыхъун папщІэ зи сабиигъуэр а зауэ хьэлъэм хиубыда си анэшхуэм къызжиІэжауэ щыта зы хъыбар кІэщІ къыфхуэсІуэтэжынщ.

- ИлъэсыщІэр къыщидгъэхьэ махуэм сабийхэм псей щІэращІэ тхуагъэуват. Дэ, нэхъ цІыкІухэм, къыджаІащ иджыпсту адэ-анэм къахьауэ япІ хъыджэбз цІыкІу гуэр къыщІыхьэн хуейуэ, ауэ абы зыкІи зыкъедгъащІэ мыхъуну. Абы и анэр, и анэшхуэмрэ и дэльхухэмрэ и гъусэу Одессэ деж брамым (паром) тету, нэмыцэ кхъухьлъатэм лъахъшэ зищІри, цІыхухэр зэтриукІат. Брамыр псы Іуфэм къыщысам, илъэсиплІ зи ныбжь хъыджэбз цІыкІум фІэкІа къэмынэу, адрейхэр яІэщІэкІуэдат къахэуа гущІэгъуншэхэм. Абы щыгъуэ дэ къыджаІат а цІыкІум зыкІи демыупщІыну, ауэ тедгъэууэ, дыдэджэгуу дыбгъэдэсыну. Хъыджэбз цІыкІур къыщыщІашам псори дыкъэуІэбжьат: и щхьэцыр уэсым хуэдэу хужьу тхъуат, и нэкІухэр зэлъауэ лэдэххэр иІэт, и нэ цІыкІухэр балигъым ейм хуэдэу къоплъырт. Гуащэ иратати, япэщІыкІэ зэпиплъыхьри, и нэпсыр хуэмыІыгъыу, зыгуэрхэр жриІэжурэ гущІыхьэу къэгъат. Езы цІыкІум и нэгу щІэкІар зэрыщымыгъупщэжынум хуэдэу, ар сэри зэи сигу ихужынукъым, - къызжиІэжат си анэшхуэм.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

ЩІэблэр Іейм щахъумэ

Дзэлыкъуэ районым и Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щекІуэкІащ щІалэгъуалэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэІэщІэ щІыным теухуа зэІущІэ щхьэпэ.

КЛАСС нэхъыжьхэм щІэсхэм я пащхьэ къыщыпсэ-лъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прокуратурэм и Ветеранхэм я советым хэт Ныр Анзоррэ Дзэлыкъуэ район прокуратурэм и унафэщІым и къуэдзэ Жамбей Зауррэ.

Ахэр тепсэлъыхьащ ныбжьыщІэхэр Іуэху мыфэмыцхэм зэрыхашэм, абы папщІэ къагъэсэбэп Іэмалхэм. Хэхауэ къытеувыІащ щІалэгъуалэр экстремизмэм щыхъумэнымкІэ унагъуэмрэ школымрэ я къалэнхэм.

Нэхъыжьхэм жэуап иратащ еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я упщІэхэм.

Мыпхуэдэ зэІущІэхэр щхьэпэщ хабзэхъумэхэм, егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ я къарур сабийхэр хъумэным хузэщІэгъэуІуэнымкІэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Хэлъхьэныгъэ ин

Налшык дэт «Принт-Центр» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и инжыдж псэлъэкІэмрэ беслъэней щІыпІэбзэмрэ» («Черкесский вариант и бесленейский диалект кабардино-черкесского литературного языка») тхылъ купщІафІэр. Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ щІэныгъэ центрым хыхьэ щІэныгъэ Іуэхущіапіэхэм я нэхъыжь дыдэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым (унафэщІыр тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэтщ) и щІэныгъэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ лэжьыгъэ хьэлэмэтыр зи къалэмыпэм къыпыкІар филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидатхэу АфІэунэ Анджелэрэ Шэру Нинэрэ.



● ТхылъыщІэ

КЪЭБЭРДЕЙ-шэрджэсыбзэм и щІыпІэбзэхэр джыным хуэгъэпса тхылъыщІэр, щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм къызэралъытамкІэ, хъуащ а ІуэхумкІэ хэлъхьэныгъэ ин. ИпэкІэ зэи къэмыхъуауэ, тхылъым и авторхэм япэу ирагъэкІуэкІащ адыгэбзэм и псэлъэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр джыным ехьэлІа зэгъэпщэныгъэ къэхутэныгъэ къызэрымыкІуэхэр.

«Иджыблагъэ дунейм къытехьа, АфІэунэ Анджелэрэ Шэру Нинэрэ я къалэмыпэм къыпыкІа тхылъыщІэр иджырей адыгэбзэм и псэлъэкІэ лІэужьыгъуэхэр зэрыт щытыкІэр къэхутэным хуэщІа лэжьыгъэшхуэщ. А щІэныгъэ лэжьакІуэ гумызагъэхэм илъэс бжыгъэкІэ гупсэхуу, еш ямыщІэу ирагъэкІуэкІащ я къэхутэныгъэхэр, диалектхэр зыІурылъ цІыхухэр (балигъи сабии) Іуэхум кърашалІэу, - жеІэ «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и инжыдж псэлъэкІэмрэ беслъэней щІыпІэбзэмрэ» тхылъым и щІэныгъэ редактор, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым адыгэбзэмкІэ къудамэм и унафэщІ БищІо Борис. - Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм ІэмалыфІ къитащ, япэрауэ, лІэщІыгъуэ блэкІам и 40 гъэхэм къыщыщІэдзауэ иджырей зэманым нэс бзэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм якІэлъыплъынымкІэ, етІуанэрауэ, лъэпкъыбэу зэхэт щІыналъэм щызекІуэ бзэхэр зым адрейр нэхъ къулей ищІурэ зэрызэлъэІэсым кърикІуахэр къэхутэнымкІэ. Къыхэгъэщыпхъэщ а Іуэхугъуэми мыхьэнэшхуэ зэриІэр, бзэр зэрыт щытыкІэр нэсу къэхута хъун щхьэкІэ. Ещанэрауэ, АфІэунэмрэ Шэрумрэ я лэжьыгъэм гулъытэ щызыгъуэта унэтІыныгъэхэм ящыщщ анэдэлъхубзэр иджырей лъэхъэнэм хъума хъуным хуэщІа хэкІыпІэхэм, зи бжыгъэкІэ мащІэ лъэпкъхэр нэхъ инхэм яхэшыпсыхьыжынымкІэ шынагъуэ зэрыщыІэри зыщамыгъэгъупщэу».

ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэм къызэрилъытэмкІэ, тхылъыщІэр сэбэпышхуэ яхуэхъунущ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щызекІуэ бзэхэр хъумэнымкІэ жэуаплыныгъэ зи пщэ илъ къэрал къулыкъущІэхэм, апхуэдэуи къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и тхыдэм, иджырей щытыкІэм зыщызыгъэгъуэзэну хуейхэм, зи анэдэлъхубзэр, къызыхэкІа лъэпкъыр фІыуэ зылъагъу хэкупсэхэм.

Монографием и Іэрытхым рецензэ хуатхащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Быж Зарэрэ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, Эрджиес университетым и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Иуан Зэуалрэ. А щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, АфІэунэ Анджелэрэ Шэру Нинэрэ зэдагъэзэщІа лэжьыгъэр купщІафІэщ, хьэлэмэтщ, иджырей адыгэбзэр куууэ джынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Авторхэр къызыхуэтыншэу пэлъэщащ къэхутэныгъэр щаублэм зыхуагъэувыжа къалэнхэмрэ мурадхэмрэ.

ИпэжыпІэкІэ, «Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и инжыдж псэлъэкІэмрэ беслъэней щІыпІэбзэмрэ» лэжьыгъэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэр, къыщызэщІакъуэжа къэхутэныгъэхэр ди лъэпкъ бзэщІэныгъэр хуабжьу зыхуэныкъуэт, сыту жыпІэмэ адыгэбзэм и псэлъэкІэхэмрэ щІыпІэбзэхэмрэ ятеухуа апхуэдэ тхылъу щыІэр мащІэщ, къинэмыщІауэ, щыІэхэми къыщыхьа Іуэхугъуэхэр бзэм и иджырей щытыкІэм техуэжыркъым.

Зи бжыгъэкІэ 500 хъууэ дунейм къытехьа тхылъым и пщІэр нэхъри яІэт ар зэхэзыгъэувахэм зэхуахьэса текстхэм, абыхэм къыхахыжу зэхалъхьа псалъалъэхэм. Шэч хэлъкъым АфІэунэ Анджелэрэ Шэру Нинэрэ я къалэмыпэм къыпыкІа монографие купщІафІэр а унэтІыныгъэмкІэ иужькІэ ирагъэкІуэкІыну къэхутэныгъэхэм тегъэщІапІэфІ зэрахуэхъунум.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ОГРАНИЧЕННЫЙ НАБОР В ПОДРАЗДЕЛЕНИЯ БПЛА
ВОЗМОЖНОСТЬ УВОЛИТЬСЯ ПО ОКОНЧАНИЮ КОНТРАКТА
6 500 000 РУБ.
ЗА ПЕРВЫЙ ГОД
3 500 000 РУБ.
ЕДИНОВРЕМЕННО
Списание долгов до 10 млн. руб.
ОБРАЩАТЬСЯ: г. Нальчик, ул. Идарова, д. 198 Тел.: +7 (952) 579 03 45

Дунейм щыхъыбархэр

Уасэхэр зэтоувэж

УФ-м и Президент Путин Владимир Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ щІыуэпс шынагъуэншагъэмрэ зегъэужьынымкІэ комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

КЪЭРАЛЫМ и Унафэщіым ягу къигъэкІыжащ гъэсыныпхъэу къыщІагъэкІым хэгъэхъуэным, гъэтІылъыгъэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ а Іуэхум телажьэ ІэнатІэхэм нэхъапэкІэ зэгурыІуэныгъэ зэрыращІылІар. Урысейм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ цІыхухэм, Іуэхущіапіэхэм, мэкъумэш, фермер хозяйствэхэм зэпыу имыІэу гъэсыныпхъэр яІэрыхьэныр къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

«Урысейм и щІыналъэхэм я нэхъыбэм гъэсыныпхъэм и уасэр щызэтеувэжащ, ауэ иджыри щІыдагъэхэкІхэмкІэ щытыкІэр зэпІэзэрыт дыдэкъым», - жиІащ Президентым. Къэралым и ЛІыщхьэм къигъэлъэгъуащ ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ дунейпсо зэдэлэжьэныгъэхэм зегъэубгъуным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Сом мелард 11-м щІигъу

Урысей Федерацэм и Правительствэм гу-лъынтхуэ узыфэхэр зыпкъырытхэр зэрагъэхъуж хущхъуэхэр къащэхун папщІэ къэралым и щІыналъэ 11-м сом мелуан 600-м щІигъу яхуиутІыпщынущ.

«МЫ илъэсым къэрал бюджетым къыхэкІыу а Іуэхум сом мелард 11-м щІигъу хухахащ. А мылъкум щыщ Іыхьэщ иджыпсту хэгъэгухэм яІэрыхьэнур. Апхуэдэ унафэм и фІыгъэкІэ сымаджэ нэхъыбэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъуэтынущ. Гу-лъынтхуэ узыфэхэр зыпкъырытхэм еІэзэным, абыхэм цІыхухэр щыхъумэным къэралым и медицинэ ІэнатІэм гулъытэшхуэ щыхуащІ икІи а унэтІыныгъэм зэфІэкІ хъарзынэхэр къыщагъэлъэгъуэ», - жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, а ІэнатІэм лэжьыгъэ хъарзынэхэр щрагъэкІуэкІащ: гу-лъынтхуэ узыфэхэр зэфыкІхэм щеІэзэ сымаджэщхэр, къудамэхэр къагъэщІэрэщІэжащ, ІэмэпсымэщІэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ, жыпхъэщІэхэр къагъэсэбэпын щІадзащ, пІэщІэгъуэкІэ сымаджэм хуащІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр ирагъэфІэкІуащ.

ЩэкІуэгъуэм и 26, *махуэку*

♦**Информацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ВакъащІэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм Іэщэкіэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я Штаб Нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Къумахуэ Мурадин**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щІыхь зиІэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Жыласэ Маритэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 27, *мэрем*

♦**Урысей Федерацэм и тенджыз Іуфэ лъэсырыкІуэдзэм и махуэщ**
♦**1946 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дадэ Суфэдин**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакІуэ, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и унафэщІ **ЩоджэнцІыкІу Леонид**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 7, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 6-кІэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 22-рэ: 10-р хъыджэбз цІыкІущ, 12-р щІалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 25-рэ: 12-р хъыджэбз цІыкІущ, 13-р щІалэщ.

ЩэкІуэгъуэм зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 575-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 7777-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ІуэхукІэ умыгъэунэхуар пцІыхуу жумыІэ.

ХъыбарегъащІэ

ПщІэ зыхуэтщІ абонентхэ! Фигу къыдогъэкІыж фэтэр куэду зэхэт унэм щыщу цІыхухэм зэдай псэупІэм и зехьапщІэр а унэм щІэс псоми зэрызэдагуэшыр. А къалэныр къыптохуэ къэпщэхуа фэтэрыр уи мылъкуу къэзылъытэ хабзэр къыщыдэкІа махуэм щегъэжьауэ.

УФ-м и ПсэупІэ кодексым и 158-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, фэтэр куэду зэхэт унэм щыщ псэуалъэр зейм зихъуэжамэ, псоми зэдай мылъкум и зехьапщІэм теухуауэ ипэрейм телъа къалэнхэр ар къэзыщэхуам къытохуэ. Фондым чэнджэщ къывет: фэтэр куэду зэхэт унэхэм хыхьэу, цІыху щыпсэу хабзэ е нэгъуэщІ псэупІэ къыщыфщэхукІэ, зэгурыІуэныгъэр зэвухылІэн ипэкІэ, ар къывэзыщэхэм унэ зехьапщІэ уасэ зэратемылъым и щыхьэту къэув дэфтэрхэр фагъэлъагъуну япэвубыд.

ФызыщІэупщІэну псоми я жэуапыр и лъабжьэмкІэ къакІуэ хэщІапІэхэм къыщыфхуэщІэнущ:

Телефоныр: 8 967 425-15-16
Максым: 8 967 425-15-16
Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЩIыIэ узым фыхуэсакъ



Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр ирогузавэ зи тхьэмбылым щIыIэ хыхьэхэм я бжыгъэр иужьрей зэманым зэрыхэхъуэм, абы антибиотиккIи зэрыпэмылъэщым.

«КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къагъэлъэгъуа бжыгъэр шынагъуэщ, ипэжыпIэкIэ. 2025 гъэр къапщтэмэ, пневмониер Евросоюзым и цIыхухэм зэрегуэуар процент 72-кIэ хэхъуащ, 2019 гъэм елъытауэ. Карбапенем жыхуаIэр антибиотик лIэужьыгъуэу щыIэм я нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ. Аращ нобэр къыздэсым къэдгъэсэбэпар, тхьэмбылым щIыIэ щыхыхьэкIэ сымаджэм етхьэлIэу. Ауэ, ар иджы сэбэп хъужыркъым, хущхъуэм зэребэнын Iэмал узым къигъуэтауэ. ИкIи къыхэгъэщыпхъэщ – пневмонием Европэр зэрыщыту зэщIищтауи пхужыIэнукъым, атIэ хэчыхьауэщ цIыхухэм къазэрефыкIыр. Евросоюзым къэрал 30-м нэблагъэ хеубыдэ. Абыхэм ящыщу 10-м дызытепсэлъыхь узыфэр зэфыкIхэм я бжыгъэр процент 50-м нэблэгъащ», - къет ВОЗ-м.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, пневмониер щыетащ ипщэ, къуэкIыпIэ щIыналъэхэм. Абы къыдэкIуэуи, языныкъуэ европей къэралхэм сымаджэхэм я бжыгъэр зы процентым щынэсыркъым.

Зэгухьэныгъэм щыжаIащ 2030 гъэм ирихьэлIэу, пневмониер зэузхэм я бжыгъэр, Iэмал имыIэу, проценти 5-кIэ гъэмэщIэн зэрыхуейр. ГъэщIэгъуэнщ мы узыр къызыхэкI бактериехэр медицинэ Iуэхущ Iапiэхэм нэхъыбэу къызэрыщагъуэтымрэ Iэщым къазэрефыкIымрэ.

ЩIэныгъэлIхэм къапэщылъщ ахэр зэрызэпыщIамрэ цIыхум деж зэрынэсымрэ зэхагъэкIыну.

Ущыпсэуну нэхъыфIхэр

А упщIэм и жэуап улъыхъуэмэ, сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщауэ къэралыгъуищ къыхагъэщхьэхукI.

АРАМИ, насыпым и пщалъэхэр зэхуэдэкъыми, хэт щыIэкIэ-псэукIэ дахэ, хэти ерыскъыр щыпуд къэрал къелъыхъуэ, языныкъуэхэми тхылъ IуэхукIэ гукъеуэ здэщымыIэ жи.

А псори къалъытэри, Оксфорд университетымрэ ООН-мрэ зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIат къэпщытэныгъи, абыхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Финляндиер псом нэхърэ нэхъыфIщ ущыпсэуну. А увыпIэр къэралым илъэси 9 хъуауэ зэрехьэ. Абы къыкIэлъокIуэ Исландиемрэ Даниемрэ.

Бжыгъэхэм къыпыфщэ жызыIэхэм щхьэкIэ: Костэ Рикэр (зэи къэмыхъуауэ) 23-нэ увыпIэм къиIэпхъукIри, 4-нэм къыдэкIуеящ! АдэкIэ – Швеции, Норвегие, Нидерландхэр, Израилыр, Люксембург, Швейцарие.

Сыт-тIэ, мы къэралыгъуэхэр апхуэдизу зыгъэфIыр?

Къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, къэралыгъуэ къэсыху цIыху мини 10 къыхащыпыкIри, мардэ зыбжанэкIэ япкърыупщIыхьащ: къэралыр къазэрыдэIэпыкъур, я узыншагъэм зэреIэзэфыр, медицинэ Iуэхущ Iапiэхэм я лэжьыгъэр, хуитыныгъэр, къулыкъущIэхэм я пэжыгъэр, Iулъхьэ зэрыщымыIэр, къинэмыщI IуэхугъуэхэмкIэ.

Ищхъэрэ щIыналъэхэм цIыхухэр щынэхъ насыпыфIэу къагъэлъэгъуащ къэпщытэныгъэхэм. Сыту жыпIэмэ, абыхэм я къулыкъущIэхэмрэ унафэщIхэмрэ я пщэ дэлъ къалэнхэр нэсу ягъэзащIэ, Iулъхьэ къыщекIуэкIыркъым. Зэрынэрылъагъущи, цIыхухэр тыншу псэун щхьэкIэ, къэралым щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэ щIэншэхэр имыIэнкIэ Iэмалыншэкъым, къулыкъущIэхэр цIыхубэм пэжу яхуэлажьэмэ, абыкIэ Iуэхур къызэфIэкIынущ.

ГъэщIэгъуэнкъэ, инджылызыбзэр къэралыбзэу къэзыщта щIыналъэхэр 20-нэ увыпIэм илъабжьэкIэ йох. Псалъэм папщIэ, США-м 23-нэ увыпIэр иIыгъщ, Канадэм – 25-нэр, Великобританием 29-нэр.

Уасэ зэгъкIэ, шынагъуэншагъэкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, псэуалъэ тыншу къызэращэхуфымкIэ, щIыуэпсым и къабзагъэмкIэ цIыхухэм нэхъ къэралыфIу къалъытащ Нидерландхэр, Люксембургыр, Оманыр, Даниер, Швейцариер, Финляндиер, Австриер, Исландиер, Германиер, Норвегиер. ГъэщIэгъуэнракъэ, Къэжэр псыдэжыпIэм щыщ Оманым Европэм и зэхуэдитIыр къызэринэкIащ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы псэупIэр щынэхъ пудщ, улахуэр лъагэщ, шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIи зэпэщщ. А мардэхэр къэплъытэмэ, Катарыр Швецием, Австралием, США-м япэ ищащ. Къэралыгъуи 184-рэ къапщытат мы мардэхэмкIи, США-р 107-нэ увыпIэм къыщыхутащ!

Дыщыпсэу хэкум дикIарэт жызыIэу, нэрыгъыу зыубыдахэр дэнэ здэIэпхъуэнур, зи гугъу тщIы къэралыгъуэхэр зэхуэщIарэ уихьэну гугъумэ?

Мы унэтIыныгъэмкIи ирагъэкIуэкIат къэпщытэныгъи, Сербием, Тыркум, Къэзэхъстаным, Куржым, Мексикэм, Аргентинэм, Уругвайм уIэпхъуэну псом нэхърэ нэхъ тыншщ. Сербием илъэс къэс цIыху мин 300 мэIэпхъуэ, фэтэр къэпщтэнумэ, доллар 250-м уасэхэр къыщыщIедзэ, Тыркум пIалъэкIэ ущыпсэуну хуит укъэзыщI тхылъыр тыншу къуат, Къэзахъстаныр бзэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ вэгъзэгъщ, псалъэм папщIэ. Европэм дыIэпхъуарэт жызыIэхэм гу лъатапхъэщ Португалием, Чехием, Эстонием.

ЩытыкIэм фызхэр къыщрагъэтхъащ

Иужьрей зэманым, уз зэрыцIалэм хуэдэу къызэщIэхъеяуэ, цIыхубзхэр ялIхэм ябгъэдокIыж. Урысейр къапщтэмэ, ЗАГС-м къет унагъуи 10-м ящыщу 8-р бзылъхугъэм и жэрдэмкIэ зэрыкъутэр. ЗэбгъэдэкIыжынымкIэ УФ-м дуней псом 3-нэ увыпIэр щиубыдащ.

2024 ГЪЭМ УФ-м унагъуэщIэу мин 880-рэ къыщыунэхуащ, мин 644,5-рэ къутащ. 2026 гъэм мэлыжьыхьым ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм тепщIыхьмэ, сабий зэдапIу Урысейм унагъуэ мелуан 24,5-рэ исащ. НобэкIэ, дауи, а бжыгъэм фIыуэ кIэрыхуащ.

Ауэ, гъэщIэгъуэныр аракъым... ГъэщIэгъуэныр, зэбгъэдэкIыжыныр зи жардэмырщ. Психолог Алимовэ Валентинэ зэрыжиIэмкIэ, Урысейм щызэбгъэдэкIыж зэщхьэгъусэ псоми я процент 65-р къызыбгъэдэкIыр бзылъхугъэрщ. Унагъуэ хуитыныгъэмкIэ юрист Сиражев Евгений жеIэ нэхъапэм лIы бгъэдэмысыж фызым дзы фIащу щытамэ, иджыпсту ар къызэрыгуэкI Iуэхугъуэу къызэралъытэр.

Сыт абы и щхьэусыгъуэр? Щхьэ бзылъхугъэхэм апхуэдизу гугъу зыдехьа унагъуэр, бын щагъуэта нэчыхьыр якъутэжрэ?

Психолог Баранская Людмилэ щхьэусыгъуи 4 къыхегъэщхьэхукI: унагъуэ Iуэхухэр зи фэ дэкIыр цIыхубзырщ; ахъшэ яхурикъуркъым; зэлIзэфызым ягу зэхуилъ гукъеуэхэм тепсэлъыхьыркъым, лIыр нэгъуэщI бзылъхугъэ кIэлъокIуэ е цIыхубзым нэгъуэщIым гухэлъ хуещI.

Дэтхэнэ щхьэусыгъуэми зэпкърыхауэ дытепсэлъыхьынщ иджы...

Пэжщ, цIыхубзыр игъащIэ лъандэрэ жьэгу хъумакIуэщ. Ар унэм ису, унагъуэ Iуэхухэр и пщэ дэлъу, быныр ипIу, лIыми щIэгъэкъуэн хуэхъуу къэгъуэгурыкIуащ. Сабийм дохутыр къегъэплъын хуейми, унагъуэм хьэжыгъэ имылъыжми, лIыр сымаджэми, псори цIыхубзырщ зезыгъакIуэу щытар. Ауэ, нобэ хуэдэу, цIыхубзхэр лэжьапIэ Iутакъым, лIым ищIэм нэхърэ тIукIэ, щыкIэ нэхъыбэ ищIэу къэгъуэгурыкIуакъым. Абы къыдэкIуэу, цIыхубзым илэжьымрэ и фэм дэкIымрэ лIыр хуэгунэфщ, пщIэ хуищIыркъым, уеблэмэ сымэджэну, лейуэ зигъэпсэхуну хуимыту егъэув, пщэфIэным къару хуимыIэжмэ, тэмакъкIэщI мэхъу.

Алимовэм зэрыжиIэмкIэ, бзылъхугъэхэр цIыхухъухэм нэхърэ нэхъ къарууфIэщ, тэмакъкIыхьщ, Iущщ, бэшэчщи, абы къыхэкIкIэ, я къару къихьыху унагъуэр зэрахъумэным яужь итщ. Ауэ, цIыхухъур сабийм хуэдэу къынтIэсынтIэ хъурэ цIыхубзым ищIэ псори фIэмащIэу зыщигъэткIийм деж, фызыр къыщетхъ. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ зэхущытыкIэм цIыхубзыр ешх, и узыншагъэр хелъхьэ, адэкIэ хуэмыхьыжыххэу, закъуэныгъэр къыхех.

ЕтIуанэ щхьэусыгъуэр зэбгъэдэкIыжхэм я процент 23-м къраIуэ. ИкIи ар зэфIэнэным и закъуэкъым. Гукъеуэ зиIэр щыпсалъэкIэ, адрейм дэгу-нэф зещI. Псалъэм папщIэ, цIыхухъур хуейкъым фызыр зэрешам, гугъу зэрехьым, зэрыхъуапсэм, я зэхущытыкIэр нэхъыфI хъуну зэрыхущIэкъум, ауэ зыри къызэримыкIым едэIуэну. ЦIыхубзым ар жеIэ, лIыр къедаIуэмэ я Iуэхур нэхъыфI хъуным щыгугъыу, адрейм и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым, мыхьэнэ лъэпкъи иритыркъым, къыжраIэр икIи зэхихыркъым икIи къыгурыIуэркъым. Ар е лIым и хьэлщ, е фызым игу илъыр къыфIэмыIуэхуу, лъагъуныгъэ, зэхэщIыкI, гулъытэ, хуабагъэ я зэхуаку дэмылъыжу, езым и щхьэр япэ иригъэщу аращ. Ауэ щыхъукIэ, апхуэдэм бгъэдэмысыххэмэ нэхъ къещтэ цIыхубзым.

«Ахъшэракъым насыпыр», - жи псалъэжьым. Ар пэжкъым! Дыхуей-дыхуэмейми, нобэрей гъащIэр ахъшэм быдэ дыдэу епхащ. Ушхэнумэ - ахъшэщ (зыри щакIуэ кIуэжыркъым), псы уефэнумэ – ахъшэщ (зыри псыхьэ кIуэжыркъым), усымаджэмэ - ахъшэщ, зыпхуэпэнумэ – ахъшэщ. ИкIи и лIым «лажьэ, ахъшэ къехьэлIэ» жезыIэ цIыхубзыр мылъку фIэкIа къыфIэмыIуэхуу жыпIэу бгъэкъуэншэныр дыхьэшхэнщ. Унагъуэ ихьа, бын зыгъуэта, ар зыгъэшхэн, зыхуэпэн, зыхуей хуэзыгъэзэну зи пщэрылъ цIыхубзым и лIым ахъшэ къримыхьэлIэмэ, езыр лэжьэну Iэмал имыIэмэ (сабий быдзафэ епI, псалъэм папщIэ), сыт ищIэнур?

Абы къыдэкIуэу, нобэрей цIыхухъухэр апхуэдизкIэ зыгъэгусэрейщ, махэщи, «ахъшэ къызэт» жыпIэмэ, щхьэхуещэ, нэпсей псалъэхэр бын къахуэзылъхуа я щхьэгъусэхэм ирапэсыну мэхъашэркъым.

ЦIыхубзыр лIым хуэдэу лажьэмэ, унагъуэри зэрихьэмэ, и быныр зыхуей хуигъазэмэ, зыбгъэдэс цIыхухъум гулъытэ къыхуимыщIмэ, щытхьэусыхэкIэ зэхимыхмэ, сыт лIы зэрищIынур?

Нэхъапэм бзылъхугъэхэр лажьэу, щIэныгъэ зрагъэгъуэту щытакъым. Абы къыхэкIыу, унэгуащэ фIэкIа мыхъумэ, зыми хуэмыщIауэ, зыри яхузэфIэмыкIыу, къагурымыIуэIауэ ягъэувырт цIыхухъухэм. Нобэ ди нэгу щIэкIыр сыт? Бзылъхугъэхэр цIыхухъухэм акъылкIи, лIыгъэкIи, хахуагъэкIи, зэфIэкIкIи емыфIэкIмэ, зыкIи нэхъыкIэкъым. Пэжщ, хуитыныгъэ ягъуэтри, бзылъхугъэхэр щхьэзыфIэфI хъуащ. Ауэ, абы цIыхубзыр Iэмалыншагъэу зэрыхуэкIуам, щыщIэныгъэм зэрырихулIар къагурыIуэркъым зи пщIэмрэ пагагъэмрэ «дыркъуэ гуащIэ» ягъуэта цIыхухъухэм.

Дауи, узыкIэлъыплъыжын, къыббгъэдэсым пщIэ хуэпщIын, зыхуей хуэбгъэзэн нэхърэ нэхъ тыншщ зыбгъэгусэныр, цIыхубзхэр «фызыхъу» хъуауэ жыпIэу бгъэпудыныр.

Адыгэ псалъэжьым жеIэ: «Жылэм хаута лIыр фызым къыдихыжынщи, фызым хиута лIыр жылэми къахудэхыжынкъым». Псори фIы дыдэу къежьат, лъэхъэнэ бжыгъэкIи зашыIащ цIыхубзхэм. Къыщрагъэтхъащи, иджы лIыхэр мэтхьэусыхэ.





Чау Хьэчимрэ Къумахуэ Аслъэнрэ.

● Ди щIыпIэ дахэхэр

Нэхъапэм дыщыгъуэзакъым

ЩIыпIэ телъыджэ гуэрхэр щыпсэум зэригъунэгъум ныбжьэгъухэм гу лъезгъэтэн сфIэфIщ, къыщызэхъулIи щыIэщ.

ДИ АНЭШ благъэ щыпсэу Хьэтуей жылэ мэрем махуэм и пщыхьэщхьэу сыкIуат. Пхъурылъхум къыхуащта Iэнэ узэдам дыздыпэрысым, зыкъэспхъуатэри ди анэ дэлъху Бэрау Хьэсэн и къуэ нэхъыщIэ Заурбий жесIащ Хьэтуей ипщэкIэ зыкъыщызэкъуэзых губгъуэ нэщI кIыхьышхуэу иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэр къызэкIуалIэм ныджэмкIэ дыхьэ и Iыхьэм деж зыщытплъыхьамэ сызэригуапэр.

Щыгъуазэ сызэрыхуэхъурэ куэду сфIэгъэщIэгъуэнт ди анэш къуажэм ипщэкIэ километрих нэблагъэ удэкIуеижмэ, осетин жылэ гуэрым узэрыщыIущIэри, абы уекIуэлIэпами, ди республикэм и щIыгум иджыри уит хуэдэу укъызэралъытэри, Урыху и ныджэмкIэ къэIэгъуэ жыг гуэрэныбэм ди лъэпкъэгъухэр мы зэманми «Къалэжь мэзкIэ» зэреджэри.

Къэзгъэлъэгъуам къыпызыщэуи сыщыгуфIыкIырт бгы лъагэхэм кърагъэIэпхъуха осетинхэм Урыху и тIуащIэм щыхухаха щIыгум, мыдэкIэ укъеIэбыхмэ, Лэскэн псыежэхыр здэгъэзамкIэ щыIэ Шыгуэбыкъуэ мэзылъэ къуэбэкъумрэ абы и IухьэпIэр зыгъэдахэ Чац и Iуащхьэжьымрэ зэрыхрамыгъэубыдам.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс куэдкIэ щезыгъэджа, математик икIи лъахэхутэ Мамхэгъ Астемыр адыгэхэм ди тхыдэр къэулъэпхъэщыжыным куэд щIащ иужь зэритрэ. Зэгуэр абы кIэщIу щыгъуазэ сыхуищIат осетинхэм а лъэныкъуэмкIэ щIы кIапэхэр зэрыхуагуэша щIыкIэм. Астемыр жиIэм тетщIыхьмэ, дызытепсэлъыхь щIыгур нэхъ пасэм щыгъуэ къэбэрдеипщ Къуэгъулъкъуэх яIыгъащ. АтIэ, мис абыхэм а щIы кIапэр хухахащ Осетие нэхъ жыжьэм узыщыIущIэ Даргавс жьанэм къыдагъэкIауэ «къущхьэ» осетинхэм. ДызэрегупсысымкIи, арагъэнущ Хьэтуей жылэшхуэм къыпэгъунэгъу осетин къуажэм (Средний Урух) ди лъэпкъэгъухэр «ДыргъыпскIэ» щIеджэр.

Къалэжь мэзым

Зыкъэсщтэжынщи, Урыху псышхуэр къыздежэх а лъэныкъуэмкIэ нэхъ ипэIуэхэми зыщызгъэзат. Уеблэмэ лъакъуэрыгъажэм сытесуи къуажэ зэхуакухэр къызэхэзжыхьат. Апхуэдэу, зэгуэрым, нэхъ ипщэжкIи сыщыIауэ, Дыргъыпс къуажэ цIыкIум сыкъыщыкIуэцIрыкIыжым, асфальт гъуэгу захуэм тезгъэзыкIри ныджэмкIэ дэздзыхат. Машинэ шэрхъхэм пхаша лъагъуэ нэрылъагъум сытету сыздрижэм, жыг гуэрэныбэу къэIэгъуам псалъэмакъ нэжэгужэ къыхэIукIащ, зэщIэжьууэжрэ зэпэджэжу. Зэуэ къэслъэгъуащ икIи зэхэсхащ ныджэ Iуфэ мэз цIыкIум ухэзышэ гъуэгу бгъузэм къедза хуей мащIэм къыщызэIуаха «тхьэрыкъуэф» Iэнэм бзылъхугъи хулъхугъи, сабии ныбжьыщIи зэрыбгъэдэт-зэрыбгъэдэсри, къэIу псалъэмакъыр зэрыадыгэбзэри.

АтIэми, я анэдэлъхубзэр сигу дыхьами щIалэхэм я зыр къэсцIыхужами, тIэкIу сапэжыжьэу сызыIуплъа гупым мызыгъуэгум сахэмыхьэмэ нэхъыфIу къэслъытэри, сыкъыIукIыжауэ щытащ. Иужьым, зэманыфIи дэкIауэ, «Къалэжь мэзым» и щIыхьэпIэм щIэсахэмрэ ахэр щIызэхыхьамрэ щыгъуазэ сыхуищIыжат хьэтуейдэс ХьэщIэлI Заур (арат а гупым къахэсцIыхукIыжауэ щытари).

Къуэшыр тогушхуэ

Бэраухэ я хьэщIэщымкIэ дыкъеплъэкIыжынщи, зи гугъу сщIа пщыхьэщхьэм, анэш къуэшыр дезгъэхьэхыным сыхущIэкъуу, гушыIэ папщIэу жысIат: «Урыху псышхуэм и мыдрыщIымкIэ республикитIым ди щIы кIапэхэр зэрыщызэлъэIэс щIыкIэм узэрыщыгъуазэ щыIэу къыщIэкIынукъым уэри!». А си псалъэм Заурбий, дауи, къызэщIигъэплъащ икIи къыкIэлъыкIуэ махуэм «щIыпIэзэгъэцIыху» и машинэмкIэ дришэжьэну сыкъигъэгугъащ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, зилъэфыхь лей къыхэдмыгъэкIыу, зыкъэдужьащ. Къуэшым и къуэ ныбжьыщIэ Мирхъани, «кIуэ, мыбыи зыгуэрхэр къедгъэщIэнщ» жыхуэтIэ щIыкIэу, гъусэ зыхуэтщIри дежьащ. Гублащхьэдэсым ищхъэрэкIэ щригъэзыхым сыхуеплъэкIащ.

- Школым къыщыздеджа икIи си ныбжьэгъу Чау Хьэчим гъусэ зыхуэтщIмэ зэримыжагъуэр къызиIуэкIащи, и лъапсэр здэщыIэмкIэ дох, - къыхигъэщащ си къуэшым.

- ДыздэкIуэр щIыпIэ мыцIыхущи, дынэхъыбэмэ нэхъыфIщ! - пэздзыжащ сэри гублащхьэдэсым.

Хьэчим зэрысцIыхурэ зэманыфI дэкIати, нызэрыддежьэм сэри сыщыгуфIыкIащ.

А псоми сегупсысыну сыхунэсагъэнтэкъым, Чаухэ я пщIантIэм хуэзанщIэу уэрамым щызэхэт жыг зытIущым дызэрыс «гъущIыгур» щеткъузылIам. Чаур къытпежьэу, къыздищтам дыщыIуигъаплъэм, и куэбжэм деж дызэрыщызыпигъэплъэжар «хуэдгъэгъуащ». ДыщыгуфIыкIащ и благъэ осетин унагъуэм къраха дэлэн зэмылIэужьыгъуэхэми махъсымэ теплъэ зиIэ фадэ пIащIэ зэрыт башырбэми.

Жьэгъум дыщыщIэкIым

Хьэтуей жылэм ипщэкIэ щыIэ и нэзым блэж федеральнэ гъуэгур зэпыдупщIри, ипщэкIэ дэдгъэзеящ.

Псыхъуэ-ныджэм щхьэщылъэгыкI сэнтх хэукъуэдиикIам дытехьауэ дыздэжэм, тIуащIэ бгъуфIэшхуэр зи «тэхъуанэжь» Урыхужь и даущ макъыр сэмэгумкIэ щызэхэтхырт, махуэм зэрызыкъиужьа щымыIэми, хьэуа къэпщтырам жыжьэу хэтлъагъуэ къуршыщхьэхэм я аранэ дзакIэжьхэр «зэщIигъэхъаерт», губгъуэ гъуафэу ижьымкIэ щыIэми хуабаем зыкъыщиIэтырт.

«Средний Урух» зи фIэщыгъэ осетин къуажэ цIыкIум и ищхъэрэ гъунапкъэм деж Осетие Ищхъэрэ - Аланием и ГИБДД-м щиIэ и хэщIапIэм дынэмысыпэ щIыкIэ етIуэнтIэкIри, машинэ лъагъуэу къыхэтцIыхукIым дытелъэдащ, псышхуэр здежэхыр ди гъуазэу.

СэмэгумкIэ мащIэу езыIуэнтIэкIа гъуэгум «хуэшэмэджыпэу» зыкъригъэбэжри, уэхым итлъагъуэ жыг гуэрэныбэм хуиунэтIащ. НэпкъитIым лэдэхыу дыхьэ мывалъэ лъагъуэм дытришэри, Урыхужь и псыIум дыIуишащ.

- ПщIэжрэ, Аслъэн, кIуэ Iэджэ щIащ абы лъандэрэ, мы щIыпIэращ, ди къуэш Артури ди гъусэу, зэгуэр дыкъыздэкIуауэ щытар, - жиIэри, Заурбий къызэплъащ, машинэр къызэригъэувыIэуи, дыкъызэрихащ.

АтIэми, дыкъыщIежьар Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я иджырей гъунапкъэр Урыхужь и тIуащIэм зэрыщызэпыхьэр зэгъэщIэныр арати, ипщэкIэ секIуэтэкIащ. Лъэбакъуэ щитI нэблагъэ къызэрызэзнэкIыу, къэслъэгъуащ зыкъыщызэкъуэзых теплъэгъуэхэмкIэ а лъэныкъуэмкIэ зэрынэхъ дахэри, бжьэпэ кIащхъэм декIуэкI жыгышхуэхэм я лъащIэмкIэ гъунэгъубзэу псышхуэр зэрыщешкIурэхри.

Ари сфIэмащIэу нэхъ ипщэжкIи сыдэкIуеину сыпхъэрми, «си гъуэгуэгъухэр къыщыувыIам димыхьэх щIыкIэ», - жысIэри, къыздесшэжьэн мурадыр сиIэу езгъэзыхыжащ.

Си гъусэхэм здэщытым ягу хэмыхьауэ сащрихьэлIэжати, сыгуфIащ икIи, «сыздэщыIамкIэ фынакIуэт!» щажесIэм, псоми зыкъыздрачащ.

Пэжым фыхуеймэ, япэу дыкъыщыувыIа фэхум щыщIагъэ зыбжанэ иIэт: Iэхэлъахэм къыщешха уэшхышхуэм щIыфэр зэщIилъэсат, гъущапIи гъуэфылъи къимыгъанэу зэхифыщIат, дыгъуасэ хуэдэм шэдылъэу зэрыщытари нэрылъагъут.

Си гъусэхэм «мыбдежым сыт и лажьэ?!» жыхуаIэ щIыпIэхэми дафIэкIри, хуей теплъэ зиIэ щыгу хъуреишхуэм дытехьащ...

Жьэгъум дыщIэкIыу, Дыргъыпс жылэ цIыкIум и нэзым дызэрыфIэкIами ар зыщхьэщыс бжьэпэм дызэрыхудэплъейми гу лъыттащ. «Осетием я щIым дихьа?» гупсысэм дызэригъэплъыжащ. АтIэми, дызыщIыхьа бжьэпэ лъащIэр къызэднэкIа псоми я нэхъ дахэт: псышхуэри гъунэгъубзэу блэжырт, дакъэжь мафIэ щытщI хъуну нэпкъ зэлъыIухам пхъэбгъу зэпэщхэм къыхащIыкIа хьэщпакъ зэлъыIухари тетт...

Дыздэщытым, трактор-машинэ макъ гуэрхэр гъунэгъу къызэрытхуэхъум гу лъыттащ. Гупым къытхыхьахэм къызэрыджаIамкIэ, Урыху къуажэмрэ (Къуэгъулъкъуеймрэ) Хьэтуеймрэ щыщ хьэрычэтыщIэхэм а щIыпIэм ухуэныгъэ гуэрхэр щрагъэкIуэкIырт.

- Мыр сыту телъыджэ: мэзылъэ шытхым псыхъуэ-ныджэм и лъэныкъуитIри щызэришалIэ щIыпIэм нэсыху дэлъ щIыгур Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей щIыналъэм зэрыхрагъэубыдар! - зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым Заурбий...

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



Псыр гъащIэм и къежьапIэщ

Псыр псэхэлъхьэжщ жи адыгэм. Пэжу, цIыхур мышхэу тхьэмахуэ бжыгъэкIэ псэуфынущ, ауэ псы емыфэу хуэхьынур махуитI-щыуэ къалъытэ.

ПСЫМ теухуа гъэщIэгъуэн куэд къахутащ щIэныгъэлIхэм. Къапщтэмэ, ныбэ ихъуа сабийр псым хэлъущ зэрыхэхъуэр, цIыху Iэпкълъэпкъым и процент 75-ри псыщ. Дунейм нэхъыбэ дыдэу тетыр псыщ - ар щIы щхьэфэми тетщ, щIы лъабжьэми щIэтщ... Иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, дунейр къыщиухуэм япэ дыдэу къэунэхуар псырщ.

Лабораторэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэри щыхьэт тохъуэ гъащIэм къежьапIэ хуэхъуар псырауэ зэрыщытым.

Иджыри зы тегъэщIапIэ щыIэщ... Шумер, аккад, адыгэ мифологиер, Iуэры-Iуатэр. Ди япэ итахэм яхъумащ пасэрей къэухьым игъэпса гупсысэ. «Уафэр щымыджэмыпцIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэм, дунейр хъыкIэ яухуэрт», - жиIащ адыгэм, ауэ, нобэр къыздэсым ди щIэныгъэлIхэм къагурыIуэркъым мы жыIэгъуэм щыщу «хъы» псалъэм къикIыр.

А гупсысэ дыдэмкIэщ «Энумэ Элиш» аккад мифологиер къызэрыщIидзэри: «Уафэр щымыджэмыпцIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэу, тхьэ-адэу Абзурэ тхьэ-анэу Тиаматрэ япсхэр зэхагъэлъадэкIэрэ дунейр яухуэрт». Мыбдеж гурыIуэгъуэ мэхъу, тхыдэм и нэхъ пасэрей дыдэу ябж гъущIынэтх мифологием къиIуатэр зищIысыр – гъащIэр псым къызэрыхэкIар.

ЩIэныгъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ къаIуатэр гурыIуэгъуэ дыдэ мэхъу Сирин Ефремрэ IV лIэщIыгъуэм псэуа Василий Гъуэзэджэмрэ я Iуэху еплъыкIэр къэпIэтмэ.

«Абгъуэрыс бзум джэдыкIэхэр зэригъэхуабэм хуэдэу, псыри гъащIэр къэгъэщIыным хуагъэхьэзыращ. Ар езыр-езыру гъащIэм и къежьапIэ хъуакъым. Псыр Къару гуэрым къигъэсэбэпащ, гъащIэ къыщыунэхуфын хуэдэу ипсыхьащ», - ятх илъэс 1600-рэ ипэкIэ псэуа, биохимие, микроскоп жыхуаIэхэр зымыцIыхуахэм. ГъэщIэгъуэнракъэ, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэри щыхьэт тохъуэ а жыIэгъуэм.

Курыт еджапIэм дыщыщIэсым химие, физикэ дерсхэм къыщIэтха щIэныгъэм тепщIыхьмэ, псым псори егъэткIу, икIи, пэж дыдэу, гъащIэр къыщыунэхуар аращ. Сыту жыпIэмэ, биологиемрэ химиемрэ зы Iуэхугъуи къыщекIуэкIыркъым псыр хэмыту. Пептидхэр къыщигъэщIкIи, АТФ-р гидролиз щIыхъукIи, мембранэхэр щылажьэкIи, псори псым елъытыжащ. ЖыпIэнуракъэ, гъащIэр ухуэныгъэу уи нэгу къыщIэбгъэувэмэ, лэжьыгъэ псори зыгъэзащIэр псырауэ жыпIэ хъунущ.

ЩIыуэпсыр къапщтэмэ, мыкIуэщIу мы дунейм тетыр псым и закъуэщ. Къуршыщхьэм телъ щIымылыр мэткIури, псы уэру къожэх, абы и щхьэфэм хуабэм ису къытекI бахъэр уэгум йохьэ, мэдийри, уэшхрэ уэсу къохыж. ЩIыуэпсым къыхихыу цIыхур зэфэ, къигъэсэбэп псыр ди унэхэм щIожыжри, щIым зыщIефыж, егъэкъабзэри, къыдетыж.

ГъащIэр къигъэщIын ипэ къихуэу, ар Къару гуэрым гупсысэу къигъэщIащ. Гупсысэр нахуапIэ хъун щхьэкIи псыр къигъэсэбэпащ.

УпщIэ гъэщIэгъуэн къоув мыбдеж... Дунейр къыщигъэщIам ЩIыр нэщIу щытамэ, дэнэ псыр къыздикIар? Уахэр къауэу, Дыгъэ системэр щхьэхуэу иубзыхуа нэужь, пэж дыдэу, ЩIыр нэщIу щытащ, къэкIыгъи, псыи, хьэуа къабзи, нэхуи темыту. Псыр – Уахэр къыщыуам къыхихуа водородымрэ вагъуэ ужьыхыжхэм къапиху кислородымрэ зэхэшыпсыхьри, къигъэщIащ. Нобэ ЩIым псыуэ тетым я процент 95-р апхуэдэ щIыкIэкIэ къэунэхуащ, проценти 5-р вагъуэижхэм япкърылъу къехуэхащ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**



Режиссёр гуащІафІэр зэдагъэлъапІэ



Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым щэкІуэгъуэм и 23-м щагъэлъэпІащ Балъкъэр театрым и режиссёр нэхъыщхьэ, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м драмэ гъуазджэмкІэ и Къэрал саугъэтым и лауреат, актёр, жылагъуэ лэжьакІуэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым актёр Іэзагъэмкlэ и кафедрэм и доцент Атмурзаев Магомед и ныбжьыр - илъэс 70, театр Іэнатlэм зэрыпэрытрэ - илъэс 50 зэрырикъур. Пшыхьыр Балъкъэр къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэщащ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я дэlэпыкъуэгъуу.

- НЫЩХЬЭБЭ догъэлъапІэ Балъкъэр театрым и тхыдэм, республикэм и щэнхабзэ, гъуазджэ гъащІэм зи цІэр къыгуэхыпІэ имыІэу епха, зэфІэкІ зиІэ режиссёр Атмурзаев Магомед. ГИТИС-м и режиссёр, актёр факультетхэр къиухыу республикэм къызэригъэзэжрэ ар Балъкъэр къэрал драмэ театрым щолажьэ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Министерствэм и лэжьакІуэхэми си щхьэми къыбгъэдэкІыу уи махуэмкІэ си гуапэу сынохъуэхъу, Магомед! Атмурзаевыр и щапхъэщ зи Іэщlагъэм илъэс щэ ныкъуэ хъууэ хуэпэж, гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ пэрыт цІыхум.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыным-рэ хъыбарегъащlэ Іэхухэмкlэ и комитетым и унафэщІ Текуев Амырбий и псалъэм къыхигъэщащ режиссёр жыджэрым лэжьыгъэ куэд къызэрехъулІар, къызэщІэпкъуэжмэ, спектакль 80-м щІигъу зэригъэувар, иужьрей илъэситхум Къэрэшей-Шэрджэс театрым зэрыдэлажьэр, абы унагъуэ дахэ зэрІэр, быныфІэ зэрыхъуар. Текуев Амырбий щІигъужащ КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхылъыр мы махуэхэм Атмурзаев Магомед зэрыратынур.

- Балъкъэр театрым щагъэув спектаклхэм сеплъыну сыкъыщыкІуэкІэ, сынасыпыфІэу зыкъызолъытэж. Къэралым и унафэкІэ лъэпкъ цІыкІухэми театр дызэриІэр, абы балъкъэрыбзэр зэрыщыбзэрабзэр уасэншэщ. ЩІэныгъэм, бзэм, гимным хуэдэу, театрыр лъэпкъым и псэу къалъытэ, - жиІащ КъБР-м цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис. – Лъэпкъыр дрогушхуэ зэфІэкІ зиІэ, дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща Магомед. Дызэмыныбжьми, Магомедрэ сэрэ Афганистаным къулыкъу щытщІэну къыщытхуихуащ. А Іэнатlэми Магомед и къалэным зэрыщыпэлъэщар щыхьэт тохъуэ абы къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэр. Къигъэзэжа нэужьи, щІэблэм я дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэми абы хэлъхьэныгъэфІ хуищІащ. Узыншагъэ, ехъулІэныгъэ, дэрэжэгъуэ уиІэну сынохъуэхъу!

Пшыхьым къыщеджащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэрэталийрэ абы хэтхэмрэ Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмкlэ, щІэинхэр хъумэнымрэ хъыбарегъащlэ Іэнатlэхэмкlэ и комиссэм и унафэщІ Атмурзаев Магомед хуэгъэза я хъуэхъум.

КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Фырэ Майе жиІащ Балъкъэр къэрал драмэ театрым, щІыналъэм и сценэ гъуазджэм и зыужьыныгъэм Атмурзаев Магомед хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищlар, республикэм и театр зэгухьэныгъэм жыджэру зэрыхэлэжьыхьыр, абы пщlэ зэрыщиlэр, режиссёр гуащІафІэм дяпэкIи куэд къызэрехъулІэнум шэч къызэрытримыхьэр.

КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и щІыхь тхылъыр Фырэ Майе тыгъэ хуищІащ Атмурзаев Магомед. Абы жиІащ Артистхэм я махуэмрэ режиссёрыр къыщалъхуа махуэмрэ ирихьэлІэу УФ-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Машков Владимир къыбгъэдэкI щІыхь тхылъыр илъэсым и пэм Магомед хуагъэфэщауэ зэрыщытар.

Атмурзаев Магомед пщlэ зэрыхуащІымрэ и зэфІэкІхэр къызэралъытэмрэ къыхагъэща нэужь, хъуэхъу гуапэкІэ абы зыхуагъэзащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым, Щоджэнцlыкlу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей Къэрал драмэ театрым, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкlэ Іуэхущlапlэхэм я лІыкІуэхэм, и ныбжьэгъухэм, гъэсэнхэм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджьакІуэ нэхъыфІхэу Атмурзаевэ Танзиля, Теппеев Алим, Жеттеев Заурбэч, Мусукаев Руслан, Бэрэгъун Марианнэ сымэ, къэфакІуэ Іэзэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Гъуазджэм зэпэгъунэгъу ещІ





Налшык дэт Лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ гъуазджэм теухуа зэІущІэ дахэ. Гъуазджэм и лэжьакІуэ, «5-нэ элемент» Іуэхур зэхэзыубла «Окланд» егъэджэныгъэ платформэм и лектор Къалмыкъ Залинэ яІущІащ гъуазджэм хуеджэ ныбжьыщІэхэм. Залинэ Санкт-Петербург къыщиухащ художествэхэмкІэ Репиным и цІэр зезыхьэ академиер, и Іэщlагъэм щрилэжьащ Санкт-Петербург, Москва къалэхэм. Мы зэманым Налшык щыІэщ.

ХУДОЖЕСТВЭХЭМКІЭ Налшык, Прохладнэ къалэхэм щыІэ школхэм, Гъуазджэхэмкlэ сабий школым щеджэхэр, дизайнымкІэ колледжым и студенхэр, класс нэхъыжьхэм щІэс школакІуэхэр, абыхэм я егъэджакІуэхэр, журналистхэр щызэхуэсащ библиотекэм. ЗэІущІэр траухуащ гъуазджэм и щхьэхуэныгъэхэм, пасэрей сурэт цІэрыІуэхэм, сурэтыщІ Іэзэхэм я гупсысэ къигъэзэщапІэхэм, пасэрей гъуазджэмрэ иджыреймрэ я зэпылъыпІэхэм, нэгъуэщІхэми. ЗэІущІэм щІэсхэм захуигъэзащ Къалмыкъ Залинэ:

- Гъуазджэм купщІэшхуэ иІэщ. Дуней псом щыпсэу цІыхухэр гущlагъщlэлъ гуэрхэмкІэ зэпещlэф абы. Гъуазджэм лъокI щхьэж дыкъызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъуэхэр зыхыдигъэщІэнри. Пыухыкlалъэпкъым и гурыгъуэхэр зыхыдигъэщІэнри. Пыухыкlауэ пхужыІэну къыщІэкІынукъым гъуазджэм и лэжьакІуэм ищІэмрэ къихутэмрэ нэхъ зэгъэщІылlар, апхуэдизу куущи. Гъуазджэм хуеджэхэр музейм и лэжьакІуэуи, егъэджакІуэуи, сурэтыщІуи, къэхутакІуэуи, нэгъуэщІуи щытыфынущ, жыхуэсІэщ. Лъэпкъым ехьэлІауэ уегупсысмэ, ди япэ итахэмрэ щІэблэмрэ гъунэгъу зэхуэзыщІ, я гупсысэхэр зэпызыщІэ къару щабэщ гъуазджэр, ар дахагъэ къызэрымыкІуэщ, жьыри щІэри зытхьэкъущ. Гъуазджэм и хъугъуэфІыгъуэхэр щымыІамэ, Пасэрей Мысырым теухуауэ иджыпсту дызыщыгъуазэхэр тщІэнтэкъым, псалъэм папщІэ. Гъуазджэр щІэныгъэми пэгъунэгъу дыдэщ, тхыдэми белджылагъ хелъхьэф. Скульптурэхэр, сурэт цІэрыІуэхэр лъэпкъ щхьэхуэр къызэрытцІыху дамыгьи хъуфынущ, уеблэмэ. Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я мыхьэнэм гъунэ иІэкъым. Къапщтэмэ, гъуазджэм и лэжьакІуэм и насып кърехьэкІ зи гугъу тщІа хъугъуэфІыгъуэхэр игъэлъэгъуэну, ахэр щІэблэм яригъэщІыхуну, зыплъыхьакІуэхэр сурэт телъыджэхэм, ухуэныгъэ гъэщІэгъуэнхэм, скульптурэхэм нэІуасэ хуищІыну, - жиІащ Залинэ. Абы щІалэгъуалэм чэнджэщ яритащ зэгуэр музеишхуэхэм зыщаплъыхьыну къахуихуэмэ, а музейм зэрыщІэтыну зэманыр егупсысауэ зэпалъытыну. Куэдым нэхъыбэ зрагъэлъэгъун папщІэ, жэрыгъэкІэ музейм и пэш нэхъыбэ зэщІагъэхьэну, сурэтхэм псынщІэу еплъыну трауху. Ар щыуагъэщ. «Музейм фыщІыхьа нэужь, япэ дыдэу фызыхуэзэ пэшым деж фыкъыщыувыІэу зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу сурэтхэм феплъыну иужь фимыхьэ. Фи нэм зы сурэт къыфІэнэу фыкъызэтригъэувыІэху фыкІуэ. Фи нэм къыфІэна сурэтым щІэхыу фыкъыбгъэдэмыкІыж, атІэ фрикъуху зэпыфплъыхь. Музей абрагъуэм сурэту щІэлъым феплъыфынукъым зы махуэм», - жиІащ абы.

Гъуазджэм хуеджэ щІалэгъуалэм упщІэхэр иратащ хьэщІэм. Ахэр теухуат пасэрей сурэт цІэрыІуэхэмрэ ахэр зыщІахэмрэ, иджырей гъуазджэм, абы дихьэх ныбжьыщІэхэм лэжьыгъэ Іэнатlэу къыхахынум, нэгъуэщІхэми. Залинэ студенхэмрэ школакІуэхэмрэ яжриащ гъуазджэмкІэ и тхыдэр бджыныр зэрысэбэпыр, ар цІыхупсэм зэреІэзэр, гъуазджэм лэжьыгъэ нэхъыфІхэр зэрыт интернет напэкІуэцІ щхьэхуэхэри яжриащ. Абыхэм ящыщщ @kulturologia сайтыр. ЩІалэгъуалэр зыгъэпІейтей упщІэхэми ар пэджэжащ, еджэным теухуауэ чэнджэщхэр яритащ. Залинэ и гуапэу къыхигъэщащ ныбжьыщІэхэм я Іуэху еплъыкІэ къызэрагъэлъэгъуэфыр, скульптурэхэми сурэтхэми ятеухуауэ щІэныгъи зэралэр.

Тхыгъэри сурэтхэри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

Бгыщхьэм хьэщІэщ къыщызэІуах

2027 гъэм мэлыжьыхь мазэм «Іуащхьэмахуэ» курортым къыщызэІуахынущ альпинистхэм яхуэщІа иджырей хьэщІэщ. Ар бгым тетынущ метр 3880-рэ хуэдиз лъагагъым хуэзэу, «Гарабаши» кІапсэ гъуэгум пэгъунэгъуу.

ЗЭРЫЖЫТІАЩИ, ухуэныгъэщІэм къыщыувыІэнущ Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІыну зызыгъэхьэзыр альпинистхэр икІи ар лэжьэнущ альпинист лъэхъэнэу къалъытэ пІалъэм къриубыдэу: илъэсым и мэлыжьыхьым щегъэжьауэ фокІадэм нэсыху.

«Cosmos Эльбрус Гарабаши Лагерь» хьэщІэщ комплексыр щхьэхуэу щыт ухуэныгъитхуу зэхэтынущ, псоми цІыху 60 зэуэ щІэхуэу. Зы унэ къэс пэшищ иІэнущ, пэш къэс гъуэлъапІиплІ щІэту.

Апхуэдэуи къуршым щыІэну цІыхухэр зыми хуэмыхьэнкъуэн хуэдэу, хьэщІэщыр зэпэщу щытынущ. Абы хэтынущ зыгъэпскІыпІэхэр, пщэфІапІэ цІыкІухэр, щыгъынхэр щагъэгъущыж шкаф щхьэхуэхэр, альпинистхэм я Іэмэпсымэхэр щахъумэ пэшхэр, нэгъуэщІхэри. Унэ къэс щхьэхуэу шхапІэ-зыгъэпсэхупІэхэр хэтынущ, махуэм щэ щагъашхэу.

«Іуащхьэмахуэ» курортым и инфраструктурэр егъэфІэкІуэным ехьэлІауэ екІуэкІ лэжьыгъэхэм я зы Іыхьэщ иджы къызэІуахыну хьэщІэщ комплексыр, щыжаІащ «Кавказ.РФ» зыужьыныгъэмкІэ институтым.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.



Дэ гъащІэр къыхыдох

ЩІалэгъуалэм хьэл мыхъумыщІэхэм зыщадзеиным, узыншэу зэрыпсэуным хуэущиным теухуа зэІущІэ щызэхэтащ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм. «Чистое поколение-2026» Іуэхум и етІуанэ Іыхьэм къриубыдэу екІуэкІащ «Дэ гъащІэр къыхыдох!» концертыр. Ар ягъэхьэзыращ Гъуазджэхэмкlэ сабий школ №1-м и гъэсэнхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъынымкІэ и управленэм и лІыкІуэр икІи зэманыр къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ:

- Фэ утыкум екІуу къифхьахэмкІэ хэлъхьэныгъэ хувощІ наркотикхэм япэщІэтыным теухуа Іуэхум. Къывогъэлъагъуэ фи гъащІэр зэрыдахэр икІи зэраныгъэ зыпылъым тегъэкІуэдэн зэрыхуэмейр.

«Дэ гъащІэр къыхыдох!» концерт-акцэм къигъэлъэгъуащ гъуазджэмрэ творчествэмрэ сыт хуэдэ Іуэху мыщхьэпэми пэщІэтыныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэмэпсымэу зэрыщытыр, зи щІалэгъуэхэр насыпыфІэу псэунымкІэ икІи я лъагъуэ гъащІэм къыщагъуэтынымкІэ зэрадэІэпыкъур.

БАХЪСЭН Ланэ.





Гупищ яхэщІауэ ирагъажьэ

2026-2027 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ щІымахуэ зэхьэзэхуэм щэбэт кІуам щІидзащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы хэтхэм я бжыгъэм гупищ хэщІауэ зэпеуэр ирагъажьэ.

БЛЭКІА зэхьэзэхуэм кІэух увыпІищыр щызыубыда «Нартаным», «Джэрмэншыкым». Ислъэмей и «Сады Баксана»-м гъусэ яхуэхъуащ домбеякъ медалыр зыІэрыхьа Алътуд и «Искра»-р. Ар уи жагъуэ мыхъункІэ Іэмал иІэкъым, алътуддэсхэр дэтхэнэ зэхьэзэхуэми щыпашэу иужь илъэсхэм къызэрекІуэкІар къэплъытэмэ.

Хэкіа гупиплІым я пІэкІэ щІымахуэ зэпеуэм къыхьар зы закъуэщ. Ар Іэпщэ Александр и цІэр зезыхьэ футбол школым и гъэсэнхэрщ. Япэ дыдэ зэІущІэм абыхэм щызыхащІэн хуей хъуащ балигъхэм уапэщІэтыну икъукІэ зэрыгугъусыгъур. Нэгъабэрей зэхьэзэхуэм и дыжьын медалхэр зыІэрыхьа «Зэрэгъыжым» ныбжьыщІэхэм я «Эльбрус-07»-м жэуапыншэу топитху худигъэкІащ. Хуеямэ, нэхъыбэжи хузэфІэкІынут.

Лъэщу ирагъэжьащ иужь илъэситым чемпионыгъэр зыІэщІэлъ Псынэдахэ и «Родник»-м и футболистхэм. Абыхэм «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупыр 3:0-у хагъэщІащ.

Куэдым яфІэгъэщІэгъуэну Бабугент и «Логоваз»-р бжыгъэшхуэкІэ текІуащ «Малка»-м. Я хьэрхуэрэгъухэм къыхудагъэкІа топитхум Дзэлыкъуэ щІыналъэм икІахэм зы жэуапи иратыжыфакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2026-2027 гъэхэм щекІуэкІ щІымахуэ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІэхэм къарикІуа бжыгъэхэм адэкІэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ. *Мис ахэр:* «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) – «**Щхьэлыкъуэ**» (Щхьэлыкъуэ) – **4:2**, «**Логоваз**» (Бабугент) – «**Малка**» (Малкэ) – **5:0**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Налшык ФШ**» (Налшык) – **2:1**, «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **2:0** «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) – «**Эльбрус-07**» (Налшык) - **5:0**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр дызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэІущІэнущ: *щэкІуэгъуэм и 28-м* – «Щхьэлыкъуэ» - «Налшык ФШ», «Псыгуэнсу» - «Логоваз», «Малка» - «Спартак-Д»; щэкІуэгъуэм и 29-м – «Эльбрус-07» - «ГорИс» (Налшык), «Шагъдий» - «Зэрэгъыж» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2026-2027 гъэхэм щІымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Зэрэгъыж»	**1**	**1**	**0**	**0**	**5-0**	**0**
2. «Логоваз»	**1**	**1**	**0**	**0**	**5-0**	**0**
3. «Родник»	**1**	**1**	**0**	**0**	**3-0**	**0**
4. «Шагъдий»	1	1	0	0	4-2	0
5. «Ислъэмей»	1	1	0	0	2-0	0
6. «Урыху»	1	1	0	0	2-1	0
7. «ГорИс»	0	0	0	0	0-0	0
8. «Налшык ФШ»	1	0	0	1	1-2	0
9. «Щхьэлыкъуэ»	1	0	0	1	2-4	0
10. «Псыгуэнсу»	1	0	0	1	0-2	0
11. «Спартак-Налшык»	1	0	0	1	0-3	0
12. «Малка»	**1**	**0**	**0**	**1**	**0-5**	**0**
13. «Эльбрус-07»	**1**	**0**	**0**	**1**	**0-5**	**0**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатlэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2600
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, корректорхэу **ПхытІыкІ Марие** *(3, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ (***1, 2-нэ нап.).*

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.